

PA GEN OKENN KANTITE MARIJUANA KI BON POU FÈ LÈ ON FI ANSENT.

KOLÈJ AMERIKEN OBSTETRISYEN AN JINEKOLÒG SIGJERE KE MOUN PA ITILIZE MARIJUANA DIRAN GWOSÈSAKOZ DE POSIBILITE KONPLIKASYON LI KA KOZE A TI BEBE A.¹

Marijuana genyen santèn sibstans tankou tetrahydrocannabinol (THC), engradyan pkisoaktif marijuana, ki ka pase al jwenn bebe a diran gwosès epi ki ka afekte devlopman li.²

Lè ou itilize marijuana, nenpòt sa metòd la ye (manje, fimen, oswa vaporize), **THC ale nan selil adipoz bebe a ak nan sèvo li**, epi li kole nan selil sistèm nève santral li tou.³ Sa vle di ke **marijuana ka andomaje devlopman sèvo ti bebe** a epi gen efè pèmanan nan kognisyon ak konpatman tankou:



- **Nouvo ne:** Limitasyon nan devlopman fetis la,³ ti pwa nan nesans,⁴ nesans a pwoblèm,⁴ piti pou laj jestasyonèl li,⁴ plis admisyon nan ICU,⁴ plis tranble, kriye fò, ak move adaptasyon pou vizyon³



- **Laj Lekòl Bonè:** Agresyon,⁵ defisi atansyon,⁵ Ipèaktif,⁵ enpilsif,⁵ pwoblèm vision ak diksyon,⁵ troub de memwa,⁵ move rezilta akademik³



- **Pre-Adolesans (laj 9 a 12 an):** Memm pwoblèm yo kontinye tankou depresyon, anksyete, twoub spèkt otistik, pwoblèm aprann lekòl, konpatman psikotik⁵



- **Adolesans ak Jèn Adilt:** Diminisyon nan rezilta akademik, pwoblèm de konpatman, depresyon psikosis, pi gwo risk pou itilize marijuana, pi gwo risk pou devlope pwoblèm abi de sibstans³





An plis de risk nou deja wè yo:

- Fimen marijuana **ekspoze ni manman ak ti bebe a kabòn monoksid** ak lòt pwazon ki nan sigarèt men nan on pi gwo konsantrasyon.³
- Itilizasyon marijuana ka rezilte nan on diminyon nan nivo oksijèn manman an, ki ka **rezilte nan on ogmantasyon nan risk pou li respire ak lot pwoblèm** devlopman pou ti bebe a.³
- **Pwazon takou pestisid, zèbisid, angrè, ak rodantisid** itilize souvan nan grandi plant marijuana, epi yo ka afekte ti bebe a tou.³
- Pysisans marijuana jounen jodi a bokou pi fò ke sa li te ye menm di zan de sa. **Enpak itilizasyon marijuana jodi an pa vreman byen define**, epi ka gen pliz efè negative ke nou poko dekouvri.³

Menm ak risk sa yo, itilazasyon marijuana nan fanm ansent nan Etazini ap vin pi plis.

- Nasyonalman, prevalans itilizasyon marijuana nan fanm ansent ki nan premye trimès gwosès yo ogmante de 6.3% an 2002 a 16% an 2020.¹
- An Florid, prevalans itilizasyon marijuana nan fanm ansent ogmante de 2.1% an 2002-2003 a 15.6% an 2017-2018, dènye an eke enfòmasyon te pibliye sou sijè sa.⁶

Ogmantation nan itilizasyon marijuana sa nap wè a se siman a koz de legalizasyon ak komès kap fèt ak pwodyi marijuana, ki vin ran moun pa gen sousi de li. Etid montre ke moun yo rele “budtunders” (moun ki ap travat nan kote yo grandi marijuana, rekòmande marijuana a fanm ansent pou tretman pwoblèm nan gwosès.⁷



<http://www.marijuanaknowthetruth.org/marijuana-and-pregnancy/>

REFERENCES

¹ Hayes, S., Delker, E., & Bandoli, G. (2022). The prevalence of cannabis use reported among pregnant individuals in the United States is increasing, 2002-2020. *Journal of Perinatology*. doi: 10.1038/s41372-022-01550-y ² Substance Abuse and Mental Health Services Administration. (n.d.). Marijuana and pregnancy. Retrieved October 6, 2022, from <https://www.samhsa.gov/marijuana/marijuana-pregnancy> ³ Ryan, S. A., Ammerman, S. D., & O'Connor, M. E. (2018). Marijuana use during pregnancy and breastfeeding: Implications for neonatal and childhood outcomes. *Pediatrics*, 142(3). <https://doi.org/10.1542/peds.2018-1889> ⁴ Marchand, G., Masoud, A. T., Govindan, M., Ware, K., King, A., Ruther, S., Brazil, G., Ulibarri, H., Parise, J., Arroyo, A., Coriell, C., Goetz, S., Karrys, A., & Sainz, K. (2022). Birth outcomes of neonates exposed to marijuana in utero: A systematic review and meta-analysis. *JAMA Netw Open*. 2022, 5(1):e2145653. doi:10.1001/jamanetworkopen.2021.45653 ⁵ Lo, J. O., Hedges, J. C., & Girardi, G. (2022). Impact of cannabinoids on pregnancy, reproductive health, and offspring outcomes. *American Journal of Obstetrics & Gynecology*, 227(4), 571-581. doi: 10.1016/j.ajog.2022.05.056 ⁶ Florida Alcohol and Drug Abuse Association. (2020). Marijuana use among pregnant women rises steeply in Florida. Retrieved January 20, 2023, from https://cdn.ymaws.com/www.fadaa.org/resource/resmgr/files/resource_center/FADAA_TrendAlert_2_Feb_2020.pdf ⁷ Young-Wolff, K. C., Foti, T. R., Green, A., Altschuler, A., Does, M. B., Jackson-Morris, M., Adams, S. R., Ansley, D., Conway, A., Goler, N., Mian, M. N., & Iturralde, E. (2022). Perceptions about cannabis following legalization among pregnant individuals with prenatal cannabis use in California. *JAMA Network Open*, 5(12). doi:10.1001/jamanetworkopen.2022.46912

